ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№85 (24.211) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-р щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Я фІэщхъуныгъэ зыхуэдэнур ешхэм яубыхужьынымкІэ яІэ хуитныныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхукіэ» 1997 гъэм фокІадэм и 26-м кьащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылымэнхэм я дин Іуэхущ1ал1эм зэрызыкъеитхуигъэзам ипкъ иткІэ Къурмэн хьид махуэшхэм, 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыщыщІэдзауэ и 22 пщІондэ ягъэлъапІэм, теухуауэ **унафэ щІ**:

2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№82-УГ

● КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1эм къет

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Оперативнэ штабым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ

Коронавирус узыфэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубгъуным хуэгъэпса оперативнэ штабыр бадзэуэгъуэм и 15-м арэзы техуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэн узым зыщыхъумэным хуэгъэза профилактикэ мардэхэм нэхъ ткІийуэ тетынымрэ вакцинэр Іэмалныщэу зыхалъхьэн хуей цыхухэм мастэр хаІуныкъэ теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмхэм.

КъБР-м и ІЭТАЩХЬЭ КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ республикэм эпидемиологие щыгыкІэр зэрыщеКІакІуэр: «Иджыпсту госпиталхэм щыІуэ 534-рэ щІалъщ, абыхэм ящыщу 71-м реанимацэхэм щоІэзэ. Узыфэм иубыдхэм я бжыгъэм махуэ къэс хохъуэ, сабийхэри щІалэгъуалэри абы егъэсымадж, абыхэми ящыщ къехьэлъэкІыщ зэрапкрыкІыр. Дэ реанимацэхэм гъэзгъыпІэу щІэтым, кислородкІэ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэхэр зэшэлахэм я бжыгъэхэр нэхъыбэ дощІ, сымаджхэр здашэну адрей госпиталхэри я лэжьыгъэм худогъэхьэзыр. Узыфэр зыпкърыхьахэм икъукІэ гугъуущ ар зэращхьэщыкІыр, абы ихьэри куэд мэхъу».

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ хуэмэнырщ ди дежкІэ нэхъыщхьэр. Ди щхьэри ди Іыхьлыхэри узыфэм пэІэщІэ зэрыгъэщІын Іэмал нэхъыфІ дыдэу нобэкІэ щыІэр вакцинэр зыхегъэльэкІыщ икІи ар пІалъэ кІэщІым кІуриубыдэу зэфІэгъэкІын хуейщ, абыкІэ цІыху нэхъыбэ къызэщІэубыдауэ узыфэм зиубгъуныр къызэтедгъэувыІэн папщІэ», - е къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэм.

Мастэр Іэмал имыІэу зыхалъхьэн хуейхэм ящыщщ Цыхухэм Іэхутхъэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр яхуэщІэным, сатум, къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1ап1эхэм, транспортым, егъэджэнымрэ, щэнхабзэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ, ЖКХ-м, ухуэныгъэм, туризмэм, цІыхухэм социальнэ я лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжыным пыщІа Іэнатіэхэм, Іуэхущ1ап1эхэм я лэжьакІуэхэр.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и сайтым Оперативнэ штабым къырикІуахэм ябгъ иткІэ къралъхьащ КЪБР-м щыІэ Санитар дохутыр нэхъыщхьэм и унафэр, «Эпидемием епха щытыкІэм ипкъ иткІэ узыфэм ущызыхъумэ мастэхэр цІыху щхьэхуэхэм яхэлъхьэным теухуауэ» жыхуиІэр.

«Республикэм эпидемиологие щытыкІэр щыщІагъэкъым, - итщ дэфтэрым. - ЦІыху зэхуэсылІэхэм щІэх-щІэхыурэ кІуэ, жылагъуэ транспортыр къэзыгъэсэбэп куэд сымаджэ хъуащ. Сымаджэ хъуахэм я нэхъыбэрэр (процент 71-р) лажьэфыну ныбжьым итхэрщ - илъэс 18-м къыщыщІэдзауэ 60-м къриубыдэхэрщ. Зи тхьэмбыл уэу къахутэхэми сымаджэщхэм ягъэгъуэльэхэми я бжыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ».

«Іэнатіэ псоми я Іэтащхьэхэм Унафэм ихуегъэуэ Урысей Федерацэм щащІу къэбгъэсэбэп хъуну къащта вакцинэм и ящэ хэІуГъуэр шыщхьэуІуи и 10-м и пэ къихуэу, етІуанэ хэлъхьэгъуэр фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну. Унафэр ехьэлІа-къым коронавирус узыфэм цІыхур цІихуэмэным хуэгъэпса вакцинэр зыхалъхьэ мыхъуну цІыху щхьэхуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджащ иратащ цІыхухэм мастэр яхэльхьэным хуэунэтІа лэжьыгъэр къызэрагъэпэщыну.

Зэ1ущ1эм щ1ыз1ыхьащ ул1ыгъуэ1ыгъ1ыгъ1ыгъ

ЩІэныгъэлІхэр Лъагъуэнакъэ къыщхьэщож

● Абы дегъэпІейтей



Урысейм щыщ щІэныгъэлІи 120-м Президент Путин Владимир «Тхыгъэ зэІуха» хуагъэхьащ Адыгэ Республикэм хьыхь Лъагъуэнакъэ тафэм щагъэкІуэкІыну я мурад ухуэныгъэхэр и нэІэ щигъэувэну елъэІуу.

2019 ГЪЭМ щІышьлэм и 20-м Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуиГъэза тхыгъэм щытепсэлъыхьауэ щытащ заповедникКІэ зэджэ, тхыдэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэм епха лэжьыгъэхэр зэрызэфІахьпхъэм теухуауэ: «Тхыдэ фэеплъу къалъытэ щІыпІэхэр туризм Іуэхукіэ къагъэщхьэпэнкІэ хьумэ, абыхэм яубыд щІымрэ щІыуэсымрэ хьумэныр нэхъапэу щытын хуейщ, «экологическийтуризм» фІэкІа ешэгъынукъым апхуэдэ щІыпІэхэм. Щіым щыщ Іыхьэ пычын, абы жыг къыщиупщІыкІын, ухуэныгъэ Іуэху щыукъуэдиин хуэдэхэр абыхэм екьолІапхъэкъым. Щэч хэлъкъым апхуэдэ щІынальхэм щыпсэу цІыхухэм я гукъыдэжыр щхьпфІэмыІуэхуу зэрымыхъуными».

А Іуэху бгъэдыхьэкІэ уэнщІэр яГу къагъэкІыжкІэрэ, щІыуэпсым елэжь щІэныгъэлІи 120-м Президентым зыхуагъаазэ Лъагъуэнакъэ тафэм щаухуэну загъэхьэзыр турист екІуэлІапІэм епха лэжьыгъэхэр нэуфІыцІщхьэрыуэу къырахьжьэныр яхуимыдэну елъэІуу.

ЩІэныгъэлІхэм я тхыгъэм къыхаГъэщ 2021 гъэм гъатхэпэм и 6-м УФ-м и Правительствэм Лъагъуэнакъэ «биосферэ полигон» жыхуаІэм хуэдэ зэрыщаухуэнум теухуа Унафэ №561-м Іэ зэрыщІидзар. Сом меларди 7,6-рэ зытекІуэдэну я ухуэныгъэм и Іуэхур мызэ-мытІуэ и къэпсэльэныгъэхэм къыщиІэтащ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат. Бытырбыхуу иджыблагъэ щекІуэкІа Экономикэ зэхуэсыхьэхэм абы щытепсэлъыхьащ. Ауэ ахэр зэрепльымкІэ, Лъагъуэнакъэ тафэм щызэхуэхьэса щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэм Іэ пхъашэкІэ уеІуэсэм, абы къыщыкІудэхэри, их хэпщхупщэрэ, псэущхьэхэри, бзухэри, Адыгеймрэ Краснодар краймрэ псы кьабзэкІэ зыщыгугъ псыежэхэхэм къэс щІыщІагъ псыхэри кІудэжьынкІэ хъунущ. ЩІэныгъэлІхэм дэтхэнэ зыри кьыхураджэ кьаІэта Іуэхур даІыгъуу щІыпІэ телъыджэр яхъумэну.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Узыншагъэ

Сабий сымаджэхэр нэхъыбэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зыпкърыт сабийхэм я бжыгъэм щыхохьуэ. Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-м хэт госпиталым балигъыпІэ имыува ныбжьыщІэ 16 щІэлъщ мы зэманым. Абыхэм яхэтщ къызэралъхурэ мазэ фІэкІа мыхъу сабии.

СЫМАДЖЭХЭМ зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псори хуащІэ. Сабиищым я узыншагъэр нэхъыфІ хуащ, адрейхэм узыр нэхъ хьэлъэу япкърокІ.

Вирусологэм зэрыжаІэмкІэ, фокладэ мазэм ирихьэлІэу щытыкІэр екІэжнуц - узыфэм нэхъ хуабжьу зиубгъунущ. Абы къыхэкІыу дохутырхэм балигъэр кьыхураджэ я щхьэри я унагъуэри яхьумэу вакцинэр зыхрагъэлъхьэну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Пресс-конференцхэр

БИДЖИЕВ Хьэсэнбий: ИужькІэщ Іуэхушхуэхэм дащыпэрыхьэнур

*Топджэгу иным пщэдей Налшык къегъэзэж: Урысей Федерацэм и кубокыр 2022 гъэм къэхьыным ипкъ иткІэ зэхаублэ зэхьэзэхуэм и япэ Іыхьэм ди щІалэхэм къыщраблэгъэнущ хуабжьу зызыгъэпсэуна икІи нэхъапэм зэрихьэу щыта цІэр иджы дыдэ къэзыщтэжу къалэныШхуэхэр зыхуэзыгъэувыжа Мэхъэчкъалэ и «Динамо»-р. Абы иужькІэ тхьэмахуэ дэкІынурэ къэралым футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІыну зэпеуэр зэхаублэнущ. А Іуэхугъуэ инхэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм яхуэзащ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэу иджыблагъэ яГуэва Биджиев Хьэсэнбий.**

- Хьэсэнбий, уэ текІуэныгъэхэм я Іэфіагъыр зыхэзыщІа утренерщ. Фіэщщыгъуэйщ «Спартак-Налшыкым» и нобэрей щытыкІэм арэзы укъищІыну икІи лъагаиІэ гуэрхэм ухущІэмыкъуну. Дыщыгугъ хъуну ди командэм япэ дивизионыр иджы и плъапІэ хъуну?

- Сэ срителъхьащ зым адрейр кьыкІэпльыкІуэрэ зыужьыным. ЯпэщІыкІэ къалэныщхуэхэр зыхуэгъэкъарууну гуп къызэдгъэпэщын хуейщ, иужькІэщ Іуэхушхуэхэм дащыпэрыхьэнур.

- Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» иджыблагъэ хэкІыжащ куэдкІэ дызыщыгугъ щІалэ зыбжанэ.

- Пэжщ, тхэкІыжа Пащты Руслан, Іэпщащэ Марат, Хьэшыр Алан сымэ икъукІэ дахуэныкъуэнущ. Ахэр кьызыхэдгъэну дыхуэщІыжащ, ауэ сыт пхуэщІэнур, я зэфІэкІыр кьызыкъуахыфын папщІэ нэгъуэщІхэм Іэмал нэхъыбэ кьратмэ?!

- Ахэр зыхъуэжьыфын къэвгъуэта?

- Зэкіэ пыухькІауэ зыри схужьІэнукъым, ауэ кьыхэзгъэщыфынущ ди гъусэу ЛІуп Исльамрэ Бажэ Амиррэ иджыпсту зэрызагъасэр. Ахэр кьытхэзнэнуми тхэкІыжьнуми куэдым елытагъ.

- Фи зыгъэсэныгъэхэр тэмэму зэфІэкІауэ къэплъытэрэ? Сыти жыІи зы зэныбжьэгъугъэ зэІущІи евмыгъэкІуэкІауэ, фи къарур здынэсыр къэвмыпщытауэ зэхьэзэхуэм фыхохьэ.

- Пасэу зэраубзыхуам тету «Спартак-Налшыкым» зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыращ. Пэжщ, щхьэусыгъуэ гуэркІэ кьыкъуэкІри, зэныбжьэгъуГъэ зэІущІэхэр тхуегъэкІуэкІакІым икІи ар щыщІэныгъэшхуэу кьызэплъыхьащ.

- Хэт сымэ уи дэІэпыкъуэгъуэу щытынур?

- Тренер нэхъыжьу лэжьэнущ Битокъу Тимур, гуащхьэтетхэр игъасэу кьэнэжащ Щоджэн Борис. Абыхэм ядэщІыгъунущ футболистхэм я бзэшэчагъэмкІэ Іэщ1агъэлІ Колесниковэ Еленэ.

- Адрей илъэхэм «Спартак-Налшыкым» сом мелуан 30 республикэм и бюджетым щыхухахьу щытащ. Къалэнышхуэхэр ирибгъэзэщІыну ар машІэщ, хагъэхъуэну фыкъагъэгугъа?

- Ахуэ ар икІыхукІэ бюджетым хэІэбанІэ иІэкъым. Зэхьэзэхуэм и япэ Іыхьэм фІыуэ зыкъыщыдгъэльэгъуэрэ адэкІэ дыкІуэтэфыну дыкъигъэгугъэмэ, къытхуаутІыпщ мылькъуми етІанэгъэ щыщІэдзауэ хагъэхъуэну дылъэІуэфынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм и кубок
Финалым и 1/256-нэ Іыхьэ
«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Мэхъэчкъалэ)
Налшык. «Спартак» стадион.
Бадзэуэгъуэм и 18.
Сыхьэт 18-м.

● Щъэ

ЩІыхухэр зыщыгуфІыкІа ухуэныгъэ

Дахагъэмрэ кьабзагъэмрэ лъэпкъым, щІыхум я щэнхабзэм щыщ зы Іыхьэ инщ. Ар къыдгуІуэу, дуеймрэ щІыуэпсымрэ пщІэ яхуэтщІу, щІыху Іэрыкъым дыхуэсакъыу дыпсэуныр дэтхэнэми ди къалэнщ.

КЪАЛЭХЭР зэІуэпэщ, дахэ щІыным екъэлІа федеральнэ программэм илъэ иткІэ яухуэ паркэхэм ящыщ зы иджыблагъэ яухащ. Ар ХьэтІохъущокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ Московскэмрэ зэпызыщІэ зыгъэпсэхуГэрщ. Абы хеубыдэ сабийхэм я джэгуПІэхэр, спорт утыкухэр, щхьэж и мыхьэнэ елъытауэ языныкъуэхэм мывэ (метр зэбгъуэзнатІэу 5300-рэ), адрейхэм хьэфэ лъэгу (зы миным щІигъу) ирадзащ. ТетІысхьэпІэ дахэхэр, жащым ар кьэзыгъэнэху лампІхэр зыфІэлъ пкъохэр, пхъэнкІий идзыпІэхэр куэду итщ. Къыхэгъэщыпхъэщ ухуэныгъэр щащІым жыгхэр кьэзэрыраміуупщІыкІар, атІэ нэгъуэщІ щыпІэхэм зэрагъэІэпхъуар.

«Сабийхэр кьыщІэпшмэ кьыщыпкІухьын, кьыщепшэкІын щыпІэ гуэнэгъуу диІэтэкъыми, егъэлеяуэ дыщыгуфІыкІащ мы ухуэныгъэм, - жаІэ ГъунэгъуУнэхэм щыпсэуэхэм. - ФІыщІэ яхудощ ар зи гукъэкІхэми, программэм Іуэхур хэзыгъэхьахэми, паркыр зыхуэй хуэзэу зыщІа лэжьакІуэхэми».

«УимыІэри зумыхьэри зыщ», - жиІащ адыгэм. АтІэ, ухуэныгъэр зыхуэй зэрыхуагъэзам хуэдэу дахэу, фафІэу, екІуу зезыхьэфын цІыхуу кьыщІэкІыну сыхуэйт абы зыщызыгъэпсэху дэтхэнэри.

БЛИЙ Даянэ.

● Ди махуэгъэпс

Бадзэуэгъуэм и 17-р Этнографым и махуэщ

А щІэныгъэр япэ дыдэу дунейм къытезыгъэхьауэ къалъытэр Пасэрей Алыджым щыпсэуа тхыдэтх цІэрыІуэ Геродотщ, Фригием, Тавридэм (иджыпсырым) иса лъэпкъхэм, скифхэм я гъащІэмрэ хабзэу зэрахьаурэ ятетхыхьауэ щытарщ.

СОВЕТ къэралыгъуэм Этнографым и махуэр гъэлъэпІэн щыщІадзар 1970 гъэхэращ. Абыкіэ жэрдэмыр ейт Ленинград (Санкт-Петербург) дэт къэралыгъуэм и университетым тхыдэмкІэ и факультетым этнографиемрэ антропологиемкІэ и кафедрэм и кьызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ Іэзэу къэгъэгурыкІуэ Итс Рудольф. А еджагъэшхуэм и жьІэкІэ зи гугъу тщІы Іуэхур ирырагъэхьэлІащ Урысей географ зэгучьэныгъэм хэта этнограф икІи антрополог цІэрыІуэ Миклухо-Маклай Николай (1846 - 1888 гъэхэр) кьыщалъхуа махуэм, бадзэуэгъуэм и 17-м.

ЛІэщІыгъуэ блэкІаехэми дриплъэжу кьыхэдгъэщынци, сытым щыгъуи дунейм тетащ нэгъуэщІ щыналъэхэм, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхэтыкІэр, щыІэкІэ-псэукІэр, хабзэу зэрахьэхэр зыхуэдэр зыфІэгъэщІагъуэну къэгъуэгурыкІуа цІыхухэр.

Этнографхэр макІуэ зи щыІэкІэпсэукІэм, щэнхабзэм, хабзэ-бзыпхъэу зэрахьэхэм щыгъуазэ зыхуащІи хуейуэ къалъытэ лъэпкъхэм я деж, ахэр щыпсэу щыналъэхэм зыщапльыхь, гъунэгъухэм кьыхуаІэ зэхущытыкІэр зыхуэдэр зрагъащІэ.

Дызытепсэлъыхь Іуэхум дихьэххэм зрагъэщІэн хуейуэ я пщэ кьыдохуэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я блэкІари, бзэуэ яІурылъам, ди нобэми зэрахьэм я лъабжьэгъуэхэр зищысыр сыт хуэдэхэрами. А псоми зэхуэхьесыжауэ ирипльэж щІэныгъэлІхэм утыкУ кьрахьэ жыпагъуэм, лъэпкъэм адэкІи зэрызаужьыну щыкІэм теухуауэ яІэ хъуа Іуэху епльыкІэр зыхуэдэри.

Экологхэр щолажьэ щІэныгъэ институтхэм, музейхэм, тхылъ тедзапІэхэм, турист компаниехэм, нэгъуэщІхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гъуэгухэр

Іуэхум йоужьэрэкІ

Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и управленэм щІыналъэ гъуэгу куэдыр зэригъэпэщыжьын хуейуэ къыпэщылъщ.

ГЪУЭГУУХУЭХЭМ я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ зэлэжьын хуейхэм щыщ нэхъыбэу къэрал программэм хагъэхьэным. Абы папщІэ зыпэрыт Іэнатіэхэр къыхуагъэува пІалъэм нэмысу икІи кьыхьыхуэтыншэу кьрахьэлІэн хуейщ.

Псыкуэд кьуажэм щыззэрагъэпэщыжащ Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэр. Километрищ зи кІыхьагъ а гъуэгум хеубыдэ куэдым кьагъэсэбэп Нартхъалэ - Кьэхъун - Правоурванск Іуэгу Іыхьэр. Иджы цІыхуэр хуиту ІокІуалІэ а уэрамым тет щІыпІэ администрацэм и унэм, школым, сабий садым.

Лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр кьыщрахьэлІащ Старэ Шэрэдж, Ново-Ивановскэ, Нартан. Іуэхур и кІэм щынагъэблагъащ Янькъуей, Гундэлэн, Ислъэмей жылагъуэхэм.

Кьапщтэмэ, иужьрейм щызэрагъэпэщыжащ Уетым и цІэр зезыхьэ уэрам дыхьэр.

- Метр 1050-рэ зи кІыхьагъ гъуэгур кьуажэм и кхъэм зэрекІуалІэм кьыхэкІыу гулъытэ хуэтщІын хуейт, - жиІащ кьуажэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэ Аслъэнбэч.

Зеикъуэ километр 5400-рэ зи кІыхьагъ автомобиль гъуэгум асфальтобетон щІэуэ тралъхьащ, кьэнэжар гъуэгугъэлъагъуэхэмрэ дамыгъэхэмрэ яГъэувынырщ.

Мы зэманым гъэгуухуэхэр йолэжь метр 5400-рэ зи кІыхьагъ «Куба - Малкэ» гъуэгум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 17,
щэбэт

♦Уголовнэ щІэпхъаджагъэ зылэжьахэм я хьэкумыр щІэным епха Іэнатіэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и Дзэ-Тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ
♦Этнографым и махуэщ
♦Корее Ищщэм и институтэм и махуэщ
♦Финляндием щагъэлъапІэ Демократиеми махуэр
♦1775 гъэм дунейм щыяпэу США-м къыщыззІуахащ дзэм кьулыкъу щызыщІэхэм папщІэ сымаджэщ.
♦1868 гъэм Японием и кьалащхьэр Токио яхьащ, Киото ирахри.
♦1918 гъэм Урысейм и иужьрей император Николай ЕтІуанэри абы и унаГуэри Ипатьевым и унэу Екатеринбург дэтым и щІыунэм щаукІащ.
♦1918 гъэм Сыбыр республикэ къызэрагъэпэщащ. А гъэ дыдэм щэкІуэгъуэм и 3-м абы теухуа унафэр якъутэжащ.
♦1942 гъэм нэмыцэдзэхэм Сталинград яубыдым мурад яІэу ебгъэрыкІуэныгъэм щІадзащ.
♦1945 гъэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текІуэныгъэр кьыщызыхьа къэралхэм я Іэтащхьэхэм я Потсдам конференцыр (бадзэуэгъуэм и 17 - щыщхьэуІум и 2-хэм екІуэкІар) кьызэІуахащ.
♦1955 гъэм США-м и Анахайм къалэм кьыщызэІуахащ сабийхэм я нэгу зыщІрагъэуэжьыным хуэщІа «Диснейленд» япэ паркыр. Американэ мультипликатор цІэрыІуэ Дисней Уолт кьызэрригъэпэща а зыгъэпсэхупІэр сабийхэм яхуэгъэзауэ дунейм щыІэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм я нэхъ цІэрыІуэ дыдэщ. «Диснейленд» паркыу дуней псом пщыкІуэ щыІэщи, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хуэщІащ сабийхэр тарурыхъым и дуней телъыджэм хэшэным.
♦1967 гъэм Лениным и цІэр зэрихьэу Аргудан щыІэ колхозым Ленин орденыр кьратащ.
♦1976 гъэм Монреаль кьалэм (Канадэ) кьыщызэІуахащ XXI гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.
♦2013 гъэм Кьэзан щызэхуащІыжащ XXVII Дунейпсо гъэмахуэ Университадэр. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам абы зэи хуэмышІэу екъуэлІэныгъэшхуэ щызыІэригъэхьащ. Медаль 292-рэ кьахьат ди щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Абыхэм ящыщ 155-р дыщэт, 75-р дыжьынт, 62-р домбейкъым. ЕтІуанэ уеблэІэр Японием, ещанэр Китайм я студентхэм кьахьат.
♦2014 гъэм Украинэм и Донецк областым кьыщехуэхащ «Malaysia Airlines» авиакомпанием и «Боинг-777» кхъухьлъатэр. Ар тетт Амстердам (Нидерландхэр) - Куала-Лумпур (Малайзие) гъуэгуанэм. Кхъухьлъатэм щІыху 298-рэ исати, псори а нэщхьеягъуэм хэкІуэдащ.
♦Совет тхакІуэ, драматург цІэрыІуэ **Лавренев Борис** кьызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.
♦Дипломат, Дунейпсо олимп комитетым и унафэщІу щыта **Самаранч Хуан Антонио** кьызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦КъШР-м и Правительствэм и Унафэщу лэжьа **Уэз Анатолий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Совет композитор, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист **Рыбников Алексей** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Нэмыцэ политик, Германием и канцлер **Меркель Ангелэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Урысей тхакІуэ **Арбатовэ Марие** (и унэцІэ дыдэр **Гаврилинэщ**) и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс сурэтыщІ **Къардэн Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 18,
тхьэмахуэ

♦ГъущІгъавэм и дунейпсо махуэщ
♦УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органэхэм мафІэсым пэщІэтыныкІэ я Іэнатіэм пэрытхэм я махуэщ
♦Манделэ Нельсон и дунейпсо махуэщ. 1918 гъэм кьалъхуащ цІыхум и хуитыныгъэхэр кьызэпамыдыным и бэнакІуэ лъэщ, ЮАР-м и президенту щыта, Нобель и сауГэтыр зыхуэгъэфэща Манделэ Нельсон.
♦Испанием щагъэлъапІэ Лэжьыгъэм и махуэр
♦64-нэ гъэм Рим кьалэм (Италие) мафІэсышхуэ кьыщыхьуат. Зэрыкьалэу исауэ жьыпІэ хъунут абы - район 14-м щыщу кьэнар 4 хъудейт.
♦1898 гъэм кьызэрагъэпэщащ Испанием и «Атлетик Бильбао» футбол командэр.
♦1932 гъэм Тыркур Лъэпкъхэм я Лигэм хагъэхьащ.
♦1941 гъэм Кьардэн Къубатий япэ фашист кхъухьлъатэр кьриудыхащ.
♦1944 гъэм СССР-м ЗыхъумэжныгъэмкІэ и кьэрал комитетым унафэ кьищтащ Донбассым и фІамыщІ.
♦1945 гъэм урысей программист Пажитнов Алексей зэпкърилъхьащ дунейм щынэхъ щыуІэ дыдэхэм ящыщ хьуауэ щыта «Тетрис» зэрыджэгу Іэмэпсымэр.
♦Адыгэ джэгуакІуэ **Мыжей Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 172-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, политик, 1957 - 1985 гъэхэм СССР-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министру, 1985 - 1988 гъэхэм Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу щыта **Громыкэ Андрей** кьызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, литературовед, искусствовед **КІурашын БетІал** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Совет уэрэджэІакІуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Мазурок Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Уэрыс усакІуэ, тхакІуэ, режиссёр, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата **Евтушенкэ Евгений** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубз усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** кьыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей оперэнэ уэрэджэІакІуэ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, саугъэт зэмылІэужьыгъуэ куэд зыхуагъэфэща **Казарновская Любовь** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министру щыта, УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъуэ **Мединский Владимир** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 33 - 35-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 19,
блыщхьэ

♦Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и юридическэ Іэнатіэм и махуэщ
♦Арэфэ махуэщ
♦Японием и цІыхубз министрхэм я махуэщ
♦Японием щагъэлъапІэ тенджызым и махуэр
♦Тыркумэным щагъэлъапІэ Гъавэм и махуэр
♦1900 гъэм Франджым и кьалащхьэ Париж метром лэжьэн щыщІидзащ.
♦1903 гъэм лъэкъуэрыгъэжэмкІэ япэ дунейпсо зэпеуэр екІуэкІащ.
♦1918 гъэм РСФСР-м кьару щигъуэтащ япэ совет конституцэм.
♦1920 гъэм Урысейм кьыщызэрагъэпэщащ къэралым щІэныгъэншагъэр щыгъэкІуэдыным пыщІа Іуэхуэр зэкІэлъызыгъэкІуэну комиссэ.
♦1924 гъэм къыдэкІащ «Красный спорт» (иджы - «Советский спорт») газетым и япэ номер.
♦1926 гъэм Екатеринослав кьалэм и цІэр Днепропетровск жиІэу зэрахъэжащ.
♦1941 гъэм Сталин Иосиф СССР-м зыхъумэжныгъэмкІэ и наркому яГъуащ.
♦1942 гъэм Кьардэн Къубатий Березовскэ куейм фашист кхъухьлъатитІ кьыщриудыхат.
♦1952 гъэм Финляндием и президент Паасикиви Юхо Хельсинки кьыщызэІуихащ XV гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Совет Союзым щыщ спортсменхэр япэу зыхэтар а Олимпиадэрщ.
♦1980 гъэм Москва щыщІидзащ XXII гъэмахуэ Олимп Джэгухэм. СССР-м и командэ кьыхэхам абы кьыщихьауэ щытащ медали 195-рэ. Советыдзэхэр Афганистаным зэрыращар хабзэншагъэу кьызэралъытэр кьрырагъэлъагъуэу, Олимпиадэм кьэкІуэтэкъым кьэрал 50-м щІигъум я спортсменхэр.
♦1996 гъэм Атлантэ (США) кьыщызэІуахащ XXVI гъэмахуэ Олимпиадэр. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыхэтар а зэхьэзэхуэхэрщ - цІыху 10744-рэ.
♦Бэзэщ1эныгъэлІ, СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, Нэгуэ Шорэ и Іэдакъэщ1акІэр зыджа **Мещанинов Иван** кьызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.
♦ХХ лэщІыгъуэм и усакІуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэу щыта **Маяковский Владимир** кьызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, режиссёр, сценарийхэр зытх, УФ-м и цІыхубз артист, «Хэкум и пащхьэ щІиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и IV, III нагъыщ1эхэр, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр зрата **Ширвиндт Александр** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цІыхубз артист, режиссёр, тхакІуэ **Ливанов Василий** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Совет уэрэджэІакІуэ, актёр, кинорежиссёр, Куржьм и цІыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Кикабидзе Вахтанг** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Украинэм щыщ боксёр цІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуа, Киев кьалэм и Іэтащхьэ **Кличко Виталий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 35 - 36-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мэзым пхъэ яшэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Май муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъум** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Скакунков Виктор Николай и къуэр** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

ІутІыж Борис и дуней телъыджэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ЗэІуцІэм къыщыпсэлъащ Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтым и егъэджакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ **Куллэ Виктор**. Абы жиІащ Налшык зыбжанэрэ къызэрыкІуар, дапщэщи фІэфІу къызэрытригъаззэр. Лъэпкъ литературэхэм зыужьынигъэ ягуэтын папщІэ къызащхьэм щрагъэжьа проектхэм, тхакІуэхэм я мыхьэнэмрэ, абыхэм гъэзгу етын зэрыхуеймрэ теухуауэ щытащ абы и къэпсэлъэныгъэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыхигъэщащ Борис сабийм хуэдэу гу къабзэрэ еншэу зэрыщытар.

- ІутІыжым теухуауэ ядэ пхужьІэнущ, гукъэкІыжхэри ди мащІэкъым, ауэ мы пэшым щытпъагъу лэжьыгъэхэмрэ я лІым къытхуигъэна Іэужь дахэхэмрэ псалъэ псом я щхьэщ. Си фІэщ хъурэкъым Борис гуапэу темыпсэлъыхьыфыну мыбдеж зыгуэр щыту, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар псоми яцІыху, фІыуэ яльагъу. Лэжьакіуэшхуэт, цІыхуръэшхуэ зыхэлът, гупсысэкІэ тепъыджэ зиІэт. Зы адыгэ щыІэху, ІутІыж Борис и цІэр дунейм тетынущ, тетынущ абы ди щэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэ иныр, - жиІащ Къумахуэм.

Борис и усэ къыхэхахэм абдеж къыщеджащ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэхэр.

ІутІыжым и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр ягъэззэщІащ уэрэджьакІуэ цІэрыІуэхэу Мэремыкъуэ Резуан, Цокіыл Азэмэт, Хьэкъул Оксанэ сымэ.

Фэеплъ пхъэбгъу

ІутІыж Борис щыпсэуа унэм (Налшык къалэ) абы и фэеплъ пхъэбгу бадзэуэгъуэм и 14-м фІадзащ.

Борис хуащІ пщІэм и щыхьэт нахуэщ махуэм и хуабэгъуэми уэ зэрыщІалэм и гуащІэгъуэми къамыгъэувыІэу пщІантІэм дэмыхуэу цІыхуэхэр къызэрызэхуэсар. Пъэбгъур къызэІуэзыхыну зи пщэрылъхэмрэ хъэщІэхэмрэ я мызакъуэу, кІуачэ жьыжьэхэм къикІа цІыху къызэрыгуэкІ куэд щыплъагъурт абдеж. Сыт щхьэкІэ? Борис и Іэужьым пщІэ хуащІ, ар я гъащІэм щыщ Іыхьэу къалытэри аращ.

ІутІыжым и цІэкІэ зэхаща щыгъуэщІэж пэкІур къызэІуихащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин.**

Ипэлъэкіэ къызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэр къызэрыщыхъуам къытригъэззэжу, абы жиІащ, музей пэшым щІэт «хьэуар» дэтхэнэми зыхищІэн хуейуэ къызэрильытэр.

- Пажэр жысІэнщи, нобэми къызгурыІуэркъым Борис апхуэдизкІэ лэжьыгъэм зэрыпелъэщар. Куэд къыщІэнащ, къыщІэнауэ хъуари - дурдыщ. Нобэ абы и фэеплъ пхъэбгъу къызэІудох, ауэ куэд дыдэ щІащ ІутІыжым и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ уэгум езым зэрыритхэжрэ. Лъэпкъым щхьэзыхьэ зэрызыхуищым иринасыпыфІэу псэуащ ар, - жиІащ Къумахуэм.

КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадзэ **Белпаев МутІалип** жиІащ лъэпкъым и тхыдэр, абы и блэкІар къыдэкІуэтей щІэблэм Борис и тхыгъэхэмкІэ къызэращІэфынур, ІутІыжым хэмыгъэущэжьн лъэужь къызэринэкІауэ къызэрильытэр.

ДАХ-м и тхъэмадзэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** абдеж щыжиІащ лъэпкъым къыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэм хуэхахуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщІапІэм щагъэжьэзыр пліанэпэм хуэфащэ дыдэу ІутІыж Борис и цІэри зэрыхатхэнур.

Къызэхуэсахэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ Борис ипхъу **ІутІыж - АфІэунэ Дадий**. Борис и усэ дахэхэмрэ гушыІэ кІэщІхэмрэ абдеж екІу дыдэу къыщеджащ литературэ зэпеуэхэм къыщыхэжаныкІа ныбжьыщІэ цІыкІухэр.

Фэеплъ пхъэбгъур Къумахуэ Мухьэдинрэ ІутІыж Дадийрэ къызэІуаха иужькІэ, а блыным деж удз гъэгъахэр щагъэпІытащ.

Пажщ, пщІащ тхакІуэм джежкІэ апхуэдэ Іэхуигъуэр, ауэ, сэ сызэрепІымкІэ, абы хуейр тхэмытыжракъым, атІэ дэращ. 1940 - 2008 илъэс бжыгъэхэр зытет пхъэбгъум къигъэлъагъуэр Борис щыпсэуа зэманым и закъуэкъым, атІэ лъэпкъ щэнхабзэм насыпыфІэу зыщилъытэжа, абы къаруущІэ къыщыхьыха лъэхъэнэрщ...

«Гуащэмыдэ хьэблэр» - щІэрыщІэу

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым ІутІыж Борис и «Гуащэмыдэ хьэблэ» спектаклыр бадзэуэгъуэм и 14-м и пщыхьэщхьэм щагъэлъэгъуащ.

Хэт зымыщІэжыр а спектаклыр нэхъ ипэкІэ щагъэувам щІэупщІэу иІамрэ ар цІыхухэм фІыуэ зэралъагъуамрэ?! Абы хэтахэм я псалъэхэр жьІэгъуэ хъужауэ нобэми кърахьэкІ. Пэжщ, къемыкІуу къыпщыхьун, узыщыхьытэ гуэрхэм ущрохьэлІэ абы, ауэ, аракъэ гъащІэр зэрызэхэлъыр. Къекіуръ быныр анэм елъэпэуэну, фызым лІыр игъэшынэну е цІыхухъур бэлъхъугъэ унафэ хущІэплъу щысину?! Къекіуркъым! Мис а къемыкІуэрщІытыжымдинэм «къыщИуІжыр», дызригъэуалІэр, зэм-зэм иригъэлейуэ къыпщыхьуми, апхуэдэу къытхэтхэм закъеэзыгъэщІыхужыр. Ауэ щыхъуКІи, фІыр ем токІуэ, щхьэж къилэжьар гуваШІэкаи зэрригъуэтыжьмкІи ди гур фІы ещІыж тхакІуэм. АбыкІэ ІутІыжым и драматург къалэныр къехьулІащ, ар зыхуитха дэ ди къалэныр-щэ?..

Спектаклым щІидзэн и пэ къихуэу КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъаззэр, ре-публикэм къеблэгъа хьэщІэ лъапІэхэр пэшым щІэсхэм яригъэцІыхуащ.

Абы къыщыпсэлъащ Адыгейм щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, шыкІэпшынэ щІыным хуэІэзэ **ГъукІэ Замудин**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу адыгэхэм хуэдэ дыдэу кІахэмкІэ щыпсэуэхэми ІутІыжыр зыпащІ щымыІэу фІыуэ яльагъу. Нобэ екІуэкІ Іэху дахэхэм Борис и псэр щыгуфІыкІыну сыщогугъ, - жиІащ абы.

Усакіуэ, литературэ критик, Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Аксёновэ Асият** къыщыпсалъэм жиІащ ди щІыналъэр къызэрымыкІуэу фІыуэ зэрилъагъур.

- ІутІыжым и фэеплъ пхъэбгъур къыщызэІуахым, сэ телъыджэ гуэр си нэгу щІэкІащи, сывдэмыгуашэу схуэшэчынукъым. Пхъэбгъум дыщыбгъэдыхьэм, сэ гу лъыстащ абдеж щызеуэ хьэндыраБгъуэ хужь щыкІум. ЯлщІыкІэ ар Къумахуэ Мухьэдин и Іэм тетІысхьащ, иужькІэ ипхъу Дадий и дамэм тесу слъэгъуащ. Си щхьэфэщым зиІэтат а дыкъикъэхэм. Апхуэдэхэм деж хьэндырабгъуэ плъагъуныр фІыуэ жаІэ, ар къыщІэнахэм зэрахуэарэзым и щыхьэту къаЛытэ, - жиІащ Аксёновэм.

Сыхьэтитым щІигъукІэ екІуэкІа спектаклым щІэсхэр зэм нэщхьейт, зэм гуфІэрт, зэми гупсысэм хэхуэрт. Сэ псом хуэмыдэу сызыІэпишэу сызэдэІуар Борис и бзэрр. Шыкіэпшынэм фІыуэ тешэщІа бзэпсхэм кърагъэкІ макъамэ тельыджэм хуэдэу, Борис и псалъэхэр адыгэлъыр кІуэпсу зриклэм кІуэцІрыжьырти, гупсысэр кърагъэблырт. Зэм лъыр ирихужьэу, зэми зэтрауІэфІэжу... Борис и бзэр кІулей къудейкъым, ар анэдэлъхубзэм и псынэм хэлубэу и ІэфІыр зи Іупэм кЫытена пэлъытэу бзаФІэщ. Псалъэ хэплъыхьакІэ, адыгэ дунейм къиГъэув мардэм щІэзыкІа гупсысэкІэ абы емрэ фІымрэ, къекІумрэ къемыкІумрэ зэхэхауэ къыдбгъэдельхьэ. Дэ къытхуэнэжьр дыІэбэу къэтщтэну аркъудейрщ!..

ЦІыху. ТхакІуэ. ЩІэныгъэлІ

ІутІыжым ехьэлІа дауэдапщэхэм пащэу бадзэуэгъуэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым щекІуэкІащ «ІутІыж. ТхакІуэ. ЩІэныгъэлІ. Борис и творчествэм иІэ щхьэхуэныгъэхэр» фІэщыгъэм щІэт хэгъэгу щІэныгъэ конференц.

Борис теухуа гукъэкІыж дахэхэмкІэ къыззІуихри, ар иригъэкІуэкІащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБЕЩІКъИ-м и унафэщІ **Дзэмыхь Къасболэт**.

Дзэмыхьым жиІащ нобэрэй щІэныгъэ дунейм хэт нэхъыжьыфІхэм ящыщ куэд Борис зэрыдэлэжьар, цІыхуГъэкІи, щІэныгъэ и лъэныкъуэкІи фІы дыдэу зэрацІыхур. ІутІыжым и гъащІэ гъуэгуанэр къызэхуэсахэм ягу къиГъэкІыжри, ар щхьэхуэу къытеувыІащ Борис и щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ абы анэдэлъхубзэм хуищІа хэлъхьэныгъэмрэ.

Горький Максим и щІэр зезыхьэ Литературэ институтым и егъэджакІуэ **Куллэ Виктор** псалъэ щратым, езыр щылажьэ институтым Лъэпкъ литературэхэмкІэ курсхэр гъэ къакІуэ къыщыщІадзауэ ирагъэкІуэкІын зэрыщыщІадзэжыр жиІащ.

Лъэпкъ литературэхэм я кууагъымрэ щІэщыгъуагъымрэ щхьэхуэу къытеувыІащ Куллэ Виктор. И псалъэхэм я щыхьэту къиГъэлъэгъуащ илъэс зыбжанэ хъуауэ езыри хэту «Урысейм ис лъэпкъхъэм я иджырей литературэ» фІэщыгъэр иІэу къыдагъэкІ антологиехэм (усыгъэм, прозэм, драматургием ейхэр дунейм къытехьащ) ихуа тхакІуэ-усакІуэхэр. Къапщтэмэ, драматургием и антологием ІутІыж Борис и «Куушыкупщыр» итщ.

ІутІыж Борис и тхыгъэхэм езым яхуиІа щытыкІэм тепсэлъыхьащ филологие щыхьІэхэм я доктор **Гъут Іэдэм**. Абы жиІащ ІутІыжым и дуней еплъыкІэ щхьэхуэм къищынэмыщІауэ, грамматикэ и лъэныкъуэкІэ езым и хабзэ пыІэхыкІа зэриІэжар.

- Лъэпкъ къэс иІэщ лъэныкъуэ куэдкІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ цІыхуэр. Адыгэм и дежкІэ ІутІыж Борис апхуэдэу къысщохъу. Абы и гъэлъэгъуэныгъэм сыщепльам сфІэгъэщІэгъуэну куэд зэпэспльыхьащ. ПкІыгъэхэр дахэ къудейкъым, ахэр Іэзэ дыдэу щІащ. Лъэпкъ Іэщ Іагъэр, литературэр езыгъэфІэкІуа адыгэ тхакІуэм теухуа Іэхуэхэм сфІэфІу сыхэтщ. Театрым щытлъэгъуа спектаклыр зэрекІуэкІар адыгэбзэми, артистхэм я джэгуакІэмкІэ, зыщІыкІэмкІэ къызгурагъэІуащ зытеухуар. Драмэмрэ пкІыгъэмрэ зызогъэщхь, тІури ГъащІэм щыщ теплъэгъуэщ, тІуми кууагъ яІэщи. Абы къыжкІыу жысІэну сыхуейт ІутІыж Борис Іэкіи псэкіи зэрыусар, - жиІащ **Аксёновэ Асият**.

«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къанокъуэ Заринэ** ІутІыжым теухуауэ къыщыпсалъэм Борис лъэпкъым дежкІэ игъэззэщІа мыхьэнэм, ар зыІууа гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ я гугъу ищІащ.

- Си насып кърихьэкІри, илъэс 14-кІэ сыдэлэжьащ Борис. А зэманым ар жьыпэу схуэхъуащ жысІэмэ, сыщыхуэнукъым. ЗгъэщІагъуэрт абы хэлъ къарур, къыпэувхэм къахуигъуэт бгъэдыхьэкІэр. Абы и гушыІэ дахэм ар куэд дыдэм къригъэлауэ къысщохьу. Быдэу сыщогугъ ямыгъэуву къэна и пьесэхэр театр утыкум щытпъагъуну.

ІутІыжыр къыттеубгъауауэ жыхуаІэу къызэрыддэлэжьа щІыкІэм и псэм и хуабагъымрэ ар цІыхушхуэу зэрыщытамрэ къагъэлъагъуэ, - жиІащ Къаныкъуэм.

ЩІэныгъэ конференцым ІутІыжым и драматургием, адыгэ бзэщІэныгъэм Борис хуищІа хэлъхьэныгъэм, и усыгъэхэм яхэлъ щІэщыгъуагъым абы и тхыгъэхэм гушыІэм щиубыд увыпІэм, нэгъуэщІ куэдми ятеухуа доклад гъэщІэгъуэнхэр щащІащ.

Зэрэгъыж къуажэм

Борис и щІыхьыр зыгъэлъапІэ гупым адэкІэ нунэтІащ ар къыщалъхуа Зэрэгъыж жылэжьым.

Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм, къуажэ администрацэм я лІыкІуэкІэ зыпежьа хьэщІэхэр ятпэщІыкІэ яшащ Борис и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм. Абы и пэІущІэ пэшым школакІуэ цІыкІуэхэм яГъэхьэзыра теплъэгъуэхэр щагъэльэгъуащ, я къуажэгъу щэджащэм и усэ къыхэхахэм къыщеджащ. ИужькІэ хьэщІэхэм зыщрагъэпльыхьащ ІутІыжым и псалъэрэ Іэрыкіклэ гъэнщІа еджапІэм.

Адэкіэ хьэщІэхэр щыІащ Борис и Іуащхьэу къалъытэ, абы и фэеплъу мывэшхуэ зытрагъэува щІыпІэм. Къуажэм къыхэплъэу тесу, и тхыгъэ куэдым я лъащІэр къыщригъэхъуар абдежу езыми Іэджэрэ жиІэжащ. Аращ абы и уэсяткІэ и псалъэхэр зытедза мывэшхуэр а Іуащхьэм щытрагъэувар.

Абдеж щытепсэлъыхьащ Зэрэгъыж къыдэкІа цІыху цІэрыІуэхэм. Къэралым, республикэм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа хьэщІэхэр зэхуэзышэсэ ІутІыж Борис адэжь щІыналъэм теухуауэ итха усэхэм къыщеджащ, я куэдгъэгъуэм зэрыригушхуэр, абы и щІыхьыр я гуапэу зэрагъэльапІэр жаІащ жылэдэсхэм.

Фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэри, тхакІуэм дакъикъэкІэ хуэщІегъуащ.

ІутІыж Борис траухуа дауэдапщэхэм я кІэух Іыхьэу, гупыр щыІащ Зэрэгъыж къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм.

Шэрэдж щІыналъэм и администрацэм и лІыкІуэхэр къыщыпсалъэм жаІащ Борис хуэдэ къазэрыхкІам зэрыригушхуэр, и Іэдакъэщ Іэкіэр фІыгъуэшхуэу къызэралытэр.

- Ингушым сыкъикІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэзышар ІутІыжым хуэсщІ пщІэшхуэрщ. «Куэд къэзымыгъащІэу куэд зыхуэзэфІэкІа», зыхужаІэхэм ящыщ Борис. Абы и тхыгъэхэм гупсысэ куу щыпхышащ, ауэ нэхъыщхьэр щыхуэмэ я щыгъагъэр яхуэдгъэГуу, къыдгурыІуэу дыпсэун зэрыхуейрщ. Сыщогугъ абы уэсят папщІэу къигъэна и Іэужьыр флъытэу, абы и Іущыгъэм фытету фыпсэуну, - жиІащ литературэ критик, Ингуш Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадэм и къуэдзэ **Накостоев Хаваш**.

Къыкіэлыкіуэу псалъэ ираташ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Шыбзыхъуэ Ларисэ**.

- «ЦІыхухэм насып къахуэзыІыхьэурщ насыпыфІэ хъуну зыхуэфащэр», - жаІэу щытащ нартыжьхэм. Сэ сызэрепІымкІэ, а псалъэхэр и гъащІэ гъуазэу псэуащ ІутІыжыр. ЦІыхур къэпцІыхун папщІэ къыщалъхуа щыналъэм укІуэн хуейуэ жаІэ, абы и мыхьэнэр къыщызгурыІуар Борис и адажь Горький Максим и щІэр зезыхьэ ИужькІэщ. ЩІыуэпс тельыджэ, цІыху гъэщІэгъуэнхэмкІэ бей щІыпІэщ мыр. Лъэпкъ насыпым зэрыльэпкъыу щІэбэныфынукъым, ар хуэныкъуэщ и Іуэху дзэыгъэкІыну ЛІыхъжьхэм, ухуейрамэ, лІы хъыжьэхэм. Лъэпкъым апхуэдэ хуэхъуауэ къызолъытэ ІутІыж Борис, - жиІащ Шыбзыхъуэм.

Пшыхьым ІутІыж Борис и «Фыкъеблагъэ, Зэрэгъыж» тхыгъэм щыщ пычыгъуэ «Нур» театр студием хэтхэм щагъэззэщІащ, «Нартхэм я дыгъэм» щыщ Іыхьи къызэхуэсахэм я пащхьэ гъэщІэгъуэну ирахьащ, Къулхэ Амиррэ Ланэрэ уэрэд зыбжанэ яГъэззэщІащ ІутІыж Борис и псалъэхэр щІэлъу.

Пшыхьыр зэрызэхуащІыжа «Зэрэгъыж» уэрэдыр театр теплъэ иІэу дахэ дыдэу яГъэуат Къул зэщхьэгъусэхэм.

Іуэхум и жэрдэмщІакІуэхэмрэ абы и ІуззэщІакіуэхэмрэ фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ **ІутІыж Мэжид**. И псалъэхэм я кІэухыу, Борис и усэ сатырхэм къыхина мы джэ псалъэхэр жиІащ Мэжид:

«Зыхэдгыгъэльэхьи щымыІа лІыгъэ,
Дыкъыщ Іэвгъэкіэ зэрамыгуГъу!»

Пхъум и псалъэ

Республикэм щекІуэкІ Іэхуэгъуэхэм ятеухуауэ и Іуэху еплъыкІэмкІэ къыздэгуашэмэ ди гуапэу дэ зыхуэдГъззащ ІутІыж Борис ипхъу нэхъыщІэ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат **ІутІыж Лалуцэ**.

- Си псалъэкІэ, зы Іуэхугъуэкіэ ди адэм утепсэлъыхьыну гугъущ, абы и дуней тетыкІар зэрыщыту дэркІэ щапхъащ. Мы махуэхэм екІуэкІ Іэхуэхэм папщІэ фІыщІэ лей яхуэсщІыну сыхуейщ ар къыззэзыгъэпэщахэм. Си гугъэщ и псэр щыгуфІыкІыну. Ди адэм и щІэиныр и унагъуэм и закъуэкъым зыхуэгъззэар, Іьэпкъым зэрыщыту къытхуигъэнаУ зыхьэолытэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, и унагъуэм хуэдэу ар и лъэпкъми хуэпсэуащ, абы и натІэ хъуамрэ и къэкІуэнумрэ егупсысу.

Си кандидат лэжьыгъэр зытеухуар си адэм и гушыІэ тхыгъэхэрат. Абы селэжьын щІэздза иужькІэщ и кууагъымрэ щІэлъ щІагъыбзэмрэ нэсу къыщызгурыІуар. Псоми зэращІэщи, ди адэр цІыху гушыІэрейт. ГъащІэм и дахэрат нэхъыбэу ильагъур. ИтІанэ, ар щытхэкІэ, зэм гушыІэ, зэм тхыгъэ нэщхьей итхырт. «Си щхьэр зым ета мыхъун щхьэкІэ, гушыхьэмрэ гушыІэмрэ зэблызодз», - жиІэрт. Ауэ щыхъуКІи, абы сытри гушыІэм хуигъэкІуэжырти, я нэхъ жагъуэ пщыхьуа Іэхуэри къыбдигъэпсынщІэрт, - жеІэ Лалуцэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар **ЩХЪЭЩЭМЫЩІ Иэзщ**

● Дн щІыналъэм



Налшык гуэлыр къалащхьэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщщ.

● Прозэу тха усэ

Телъыджалъэ

ГУПСЫСЭ инхэр игъащІэми къахуогъэІурыщІэ, ауэ щхьэм Іурыщ1э щыхъуа гупсысэ дзтхэнэми игъэтырыкъым ахэр зэрыхуэн псалъэрэ псэльафэрэ. Яхуэфащэ жьІэкІэрэ ухуэкІэрэ. Бзэм и пкъыр зыгъэта гупсысэхэмрэ ар ямыгъэуэту бзэхьжахэмрэ зэпэплъытмэ, зыгъэтар - зы тКІуэпсым хуэдэщи, зымыгъэтар - тенджызым хуэдизщ. АтІэми, щыІэу къыщІэкІынукъым илъэс мин бжыгъэкІэ лъэпкъыр зыщІэпсэукІа бзэм пхуимыгъэзэгъэн гупсыс...

«Даут» кІыхьэхэщІыкІ хъунур ар кІыэзыхэпІущІыкІа мывэ джей Іыхьэм и закъуэтэкъым. Апхуэдэ мывэ джейхэр дунейм тезщ. Абыхэм ящыщ дзтхэнэми ехъуМэ «даут» ещхь тельыджв бжыгъэнэщэр. А тельыджхэхэр поплъэ Тхьэм къахуигъэщІыну скульптор Іэзэхэм. Мывэ зэщІэзыІулахэм кІыалэщІэзгъэкІыфыну Микеланджелэхэм...

Бзэри апхуэдэщ. Бзэми ехьуМэ кІыэзІухьин хуей щхэу хьэлэмэтыщэхэр. НаІуэ къэмихьуа тельыджв бжыгъэнэщэхэр...

ИІэщ апхуэдэ тельыджхэхэмкІэ гъэнщІа къару ин ди адыгэбзэми. Поплъэ адыгэбзэр а къару щхэухэр къэзыхутэну тхакІуэхэм. Гурыщ1эм и плІанэпэ дзтхэнэми дэпшытІэ хъууэ ди бзэр тІатІийм ещхь зыщІыфыну тхакІуэхэм. Іу бахъэм ихь гупсысэ нэхъ къэубыдыгъуэй дыдэхэри адыгэбзэкІэ къэзыхпыхъуэтэфыну тхакІуэхэм...

Хэт ищІэрэ, уахэтІнщэ хъунур адыгэбзэмрэ а бзэмкІэ къагъащІ ди литературэмрэ я насып кІихьмэ... Къихьнуи дыщогугъ! И насып апхуэдэ къиимыхьынкІэ гурыщхъуэ зыхуэпщІ бзэм уритхэныр, куэд зымыкІуну къыщІыхьу литературэкІэ лъэпкъ псо бгъэхьэулеиныр икІагъэщ... НтІэ, апхуэдэ насып адыгэ тхыбзэм игъуэтэ лІэщыгъуэрыбжэгъуэ къэкІуэнум хэбакъуэу щІидзэмэ, ди нобэрей къуэпсапІэхэр щыхьэщІэ зэманым псэунухэр зэгуэр щІэгуфІыкІыуэрэ иджырей тхыгъэхэм кьеджэнщ, ди бзэ къэгъэІурыщІыкІэхэри сабий псэльэкІэм ирагъэщхьынщ...

Сыту я насып а ди хьуэпсапІэхэр щыпэкІу зэманым псэуну адыгэхэм! Сыту я насып!.. Тхьэм апхуэдэ хъуну къыщІигъэкІ!

ІУТІЫЖ Борис.

● Псалъэжьхэр

Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым

♦ КъыпкІэлъымыкІуэм узыкІэлъигъэкІуэнукъым.
♦ Нэмысым насып къыдокІуэ.
♦ Гъуэгур бжьхуэным хегъэщІри, щІыхуэр тыжьным еух.
♦ Уэсыбэ гъэ бэвщ.
♦ Хуэмыху и Іуэху махуитху и пІалъэщ.

● Къармэхьэблэдэсхэм къаІуэтэж

Хьэжыкъуэ

ХьэжыкъуэкІэ зэджэ лІым Лыхь лъэпкъым и нэхъыбапІэр къытехъуэкІащ. Я тхыдэр къыщежьэри абы и дежщ. ЗэрыжаІэжымкІэ, Хьэжыкъуэ зы къуэш иІащ - Бакъджэрий. Ар Абхъазым щыпсэуащ. Хьэжыкъуэ мызэ-мытІэу абы дэІэпыкъуащ, биИхэм ящихъумэу. Бакъджэрий бын къыщІэхъуакъым. Ешы Хьэжыкъуэ зы къуэ иІащ - Хьэсанэ. Хьэсанэ къуитІ къыдэхъуащ - Ильясрэ Беслъэнрэ.

ХЬЭЖЫКЪУЭ нэгъэсауэ зауэлІ хахуэт. Ар зыдзэ къуажэм джаурхэр къытеуэну мурад ящІащ зэгуэрым. Хьэжыкъуэ тхьэгурымагъуэ хьэл гуэрхэр хэлъти, ар къыщищІэм, Іэщэрэ гъуэмылэрэ къищтэри, бгъуэнщІагъыр тІысхьІэ ищІащ. Ар здитІысыкІа щІыпІэм укъиплъмэ, биИхэр къызрикІуэну гъуэгур, уи пащхьэм илъым ящІуэну, плъагъурт.

Биидзэм шууитху къахэкІри, тІасхъэщІэх къежьащ. Абыхэм ящІыщу Хьэжыкъуэ плІыр иукІащ, етхуанэр иутІыпщыжащ: «Уи гъусэхэм ямыгъаззэмэ, мыбыхэм я махуэр къаззрыхуэзгъэкІуэнур ягурыгъаІуэ», - жиІэри.

Щу иутІыпщыжам ежри Іэжащ и гъусахэм я щхьэ къриКІуари ямыгъэззэжмэ, езыхэм къащищІынури.

Аршхьэкіэ джаурхэм икІуэтыжьын ядакъым: «Дзэ псор а зым дытемыкІуэну ара?!» - жаІэри, къуажэм теуэну ежьащ. Хьэжыкъуэ бгъуэнщІагъым къыщІэуКІыурэ дзэр зырызыхэзу зэтриукІащ.

Мис апхуэдэу хахуэу щытащ Лыхь лъэпкъыр къызэтехъуКІыжа Хьэжыкъуэ. Мы хъыбарым егъэлеиныгъэ гуэрхэр хэлъынкІэ хъунущ, ауэ иджыри къыздэсым Лыхь лъэпкъым адыгэлІ нэсым хужаІэр: «Нэгъэсауэ Хьэжыкъуэщ».

Хьэжыкъуэ 1820 гъэм дунейм ехьжащ. Черкесск кІуэ гъэзэгур щащІым, абы и мывэ сыныр якъутащ. Абы и къутахуэхэр зыкъомрэ щахъумащ Локъуажэ (Красный Восток) щыпсэуа Лыхь Урысбий и лъапсэм.

Зытхыжар
ЛЫХЬ Людмилэщ.

● ГъэсэныгъэІ

Чэнджэщ пщыкІубгъу

Италием щыщ бзылъхугъэ Марие Монтессори етІощІанэ лІэщІыгъуэм и педагогикэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуищІауэ щытащ. И къэралым и тхыдэм япэ дохутыр цІыхубзу хэувэри, и гъащІэ псор сабийхэм яхуэлэжьэным триухуащ. Абы къызэригъэпэщащ сабийхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыужьыныгъэр зэкІуныгъэрэ ахэлъу къэхъун папщІэ зихуэдэ щыныІэ системэ, адзэ-анэхэм папщІэ зэхигъэуващ гъэсэныгъэмкІэ фІыгъэушхуэ зыпылъ чэнджэщ щхьэпэ кІэщІхэр. КъызэрыгуэкІыу, итІанэми, Іущагъышхуэ къахэщу.

Абыхэм ящыщу зыбжанэ нэхъ мыхъуми фытетмэ, фи сабийхэмрэ фэрэ куэдкІэ нэхъыфІу фыізэхущытынущ, езыхэри фІы зигу илъ цІыху зэтету къэтэджынущ.

Мис ахэр:

1. Сабийр илъагъум егъасэ.
2. Сабийм ныкъусаныгъэ къыхуагъуэтреймэ - дагъуэ къилъыхъуэу йоСэ.
3. Сабийм цІэх-щІэхыурэ щытхъумэ - фІыр къилъагъуу йоСэ.
4. Сабийм биинныгъэ хэлъу убгъэдыхьэмэ - зэуэрей мэхъу.
5. Сабийм пэжыгъэкІэ зэхуэдэтмэ - захуагъэ зыхелъхьэ.
6. Сабийм щыдыхьэшхреймэ - щтэІэщтаблэ, гушхуэныгъэнІшэ мэхъу.
7. Сабийр шынагъуэм пэІэщІэу къэхъумэ - дзыхь иІэу къотэдж.
8. Сабийм куэдрэ и напэ трахмэ - къуанШэу зибжьжу йоСэ.
9. Сабийм арэзы дэхъуреймэ - и щхьэ игъэлъапІэу йоСэ.
10. Сабийм хуагъэгъуреймэ, зэхащІыкІмэ - шыІэныгъэ зыхелъхьэ.
11. Сабийр игъэгушхуэрейм э - игурэ и щхьэрэ зэтелъу къэхъу.
12. Сабийр ныбжьэгъуГэм щІапІыкІрэ адрейхэр къызэрыхуэныкъуэр зыхищІэмэ - дунейм лъагъуныгъэр хъщыгуэзытфу йоСэ.
13. Сабийм Іей хуэжьвмыІэ - зэхихыуи зэхимыхыуи.
14. Сабийр фІым хуэузэщІыным фелІапІэ, иужькІэ Іейм зыужьыныгъэ щимыГэзэгъэтхьэн хуэдэу.
15. Сабийм зыкъыфхуигъаззмэ, сыт щыгъуи жиІэм фыщІэдзэІуи, жэуап ефт.
16. Щыуагъэ зыІэщІэкІа сабийм пщІэ хуэфщІи, и щыуагъэр асыхьэту е иужькІэ зэриГэзззэхуэжьнщ.
17. Зыхуэйр къэзылъыхъуэ сабийм фыдэІэпыкъуну фыхьэзыр. Псори къэзыГуэтам и дежкІэ нэрымылъагъуу фыщцыт.
18. Сабийм ялэкІэ имыщІар евгъащІэ. Абы щыгъуэм фи хуэрея гъуГэ гулъытэкІэ, тэмакъкІыхьыГэкІэ, щхэгъэкІэ, лъагъуныгъэкІэ вгъэнщІ.
19. Сабийм зыщыхуэзвгъаззкІэ сыт щыгъуи фІы евгъэлъагъу - фэ фІыуэ фхэлъыи и нэхъыфІыр зыхевгъалъхьэ.

КЪРЫМЩОКЪАЛ Маринэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Мы зэзымыпэсым мыІэрысэ хуэфащэкъым

♦ **ЦІыхум хуэпщІэр щыгъупщэжми, епщІэр щыгъупщэжырхъым.**
♦ **Куэду пльэгъуа псоми ухэдэу щІыбодзэ.**
♦ **Джэдым псы есэкІэкІэ бабыщІар иригъаджэрт.**
♦ **Псори зэхуэдэу фІыуэ зылъагъуфу щыІэкъым.**
♦ **Уимыпсэугъу и чысэ уи псэр зэи иумылъхьэ.**
♦ **Хэхъуэ зиІэм хъуэхъу хужаІэ.**
♦ **ХьэщІэу укІуарэ унэгуащэм зрилъэфыхьмэ, лІыр гуаавэрэ фызымкІэ пльэрейм э, кІыхьлІыхь зумыщІу къыщІэкІыж.**
♦ **Уи нэр изыщІ псори пэжым хуябжэ хъунукъым.**
♦ **УзыфІрэ зауэфІрэ щыІэкъым.**
♦ **Факъыпрэм хэдэ ищІмэ, ар факъыпрэжкъым.**
♦ **Сыт хуэдэ лъагагъми и къежьапІэр щІылъэращ.**
♦ **ФІым къыхуэмышэр Іейм къеу.**
♦ **Мы зэзымыпэсым мыІэрысэ хуэфащэкъым.**
♦ **Къыупсэлъынур зэлъытар уэзпсалъэраш.**
♦ **Уи псалъэри уи мылъкум хуэдэу зэгъэзэхуэн хуейщ.**
♦ **Сабий макъэхэр уи пщІанТІэм къыдэІукІмэ, уунагъуэ насыпфІэщ.**
♦ **Напэ зимыІэр бгъэхІытэну ухуемыжьэ - укІытэжьынур уэращ.**
♦ **ЦІыхухэр къыпхуэныкъуэу къыпкІэлъыкІуэмэ, уэ иджыри укъулейщ.**

КІУРАШЫН Алий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Шхум хэгъэпцІыхьа хугу гъэлыгъуа

Хугу лъэсар Іэнэм тракІутэри ягъэжэпхъ, итІанэ мыІуе дыдэу, зэхэлыгъуКІын щхьэкІэ, шыуаным иракІутэри, пэшхьэкум трагъэувэ. МафІэр ешэхауэ, чымчыркІэ зэлащІэуРэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыгъуэ. ИтІанэ тІэу-щэ щІагъэпщ. Хугу гъэлыгъар шэ ягъэпщтым хакІутэри, чымчыркІэ зэлащІэуРэ къагъавэ. Хугум шэр фІыуэ зыщІифауэ, къэпщауэ, ху бэлам ещхьу щытщ.

Шэр хьэкум къытрахыж, ягъэупщІыну, шхупщІатэ иратри, хуэсакъыурэ зэлащІэ, хьэдзэхэр ямыкъутэн, ямыпІытІын щхьэкІэ. ЗэщІаУфэжри, пцІэн папщІэ хуабанІэ ягъэув. Шху пцІар хуэсакъыурэ зэщІах, щІыІапІэ ягъэуврри, ягъэдий.

ЗэрызэщІыпІу фалъэ куум иракІэри, Іэнэм трагъэувэ. Нэхъ щашхыр гъэмахуэ шылэ, нэщІ мазэхэрщ. Щхьэж зэрыхуейуэ фошыгъу е шыгъу халъхьэ.

Халъхьэхэр: шэ щІэмыхуу - г 3000, хугуу - г 1000, шхупцІатэу - г 150-рэ, шыгъуу, фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Кхъуейлъалъэ

Ар шатэ зытемыха шэми зытехами кхъухащІыкІ. Шэр яз, ягъэпщт, псынщІэу зэІащІэурэ шху гуащІэ хакІэ. ЗэщІэкІыху, дакъикъэ 15 хуэдизкІэ, и щхьэр тепІаеу щагъэт. Шэ зэщІэкІар кхъуэзанэ щабэм иракІэри, шэжьпсыр щІагъэж.

Шэжьпсым мырамысэ, мэжаджэ ирипщІ мэхъу, къурт, къундэпсо кхъухащІыкІ. Кхъуейлъалъэр шатэ, фошыгъу хэлъу яшх. ЩІакхъуэ, лэкъум докІу. Абы нэмыщІ кхъуейлъалъэм шхыныгъуэ куэди кхъэпщІыкІ мэхъу.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): шэуэ - г 300, шхууэ - г 230-рэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым

♦ КъыпкІэлъымыкІуэм узыкІэлъигъэкІуэнукъым.
♦ Нэмысым насып къыдокІуэ.
♦ Гъуэгур бжьхуэным хегъэщІри, щІыхуэр тыжьным еух.
♦ Уэсыбэ гъэ бэвщ.
♦ Хуэмыху и Іуэху махуитху и пІалъэщ.

● Къармэхьэблэдэсхэм къаІуэтэж

Хьэжыкъуэ

ХьэжыкъуэкІэ зэджэ лІым Лыхь лъэпкъым и нэхъыбапІэр къытехъуэкІащ. Я тхыдэр къыщежьэри абы и дежщ. ЗэрыжаІэжымкІэ, Хьэжыкъуэ зы къуэш иІащ - Бакъджэрий. Ар Абхъазым щыпсэуащ. Хьэжыкъуэ мызэ-мытІэу абы дэІэпыкъуащ, биИхэм ящихъумэу. Бакъджэрий бын къыщІэхъуакъым. Ешы Хьэжыкъуэ зы къуэ иІащ - Хьэсанэ. Хьэсанэ къуитІ къыдэхъуащ - Ильясрэ Беслъэнрэ.

ХЬЭЖЫКЪУЭ нэгъэсауэ зауэлІ хахуэт. Ар зыдзэ къуажэм джаурхэр къытеуэну мурад ящІащ зэгуэрым. Хьэжыкъуэ тхьэгурымагъуэ хьэл гуэрхэр хэлъти, ар къыщищІэм, Іэщэрэ гъуэмылэрэ къищтэри, бгъуэнщІагъыр тІысхьІэ ищІащ. Ар здитІысыкІа щІыпІэм укъиплъмэ, биИхэр къызрикІуэну гъуэгур, уи пащхьэм илъым ящІуэну, плъагъурт.

Биидзэм шууитху къахэкІри, тІасхъэщІэх къежьащ. Абыхэм ящІыщу Хьэжыкъуэ плІыр иукІащ, етхуанэр иутІыпщыжащ: «Уи гъусэхэм ямыгъаззмэ, мыбыхэм я махуэр къаззрыхуэзгъэкІуэнур ягурыгъаІуэ», - жиІэри.

Щу иутІыпщыжам ежри Іэжащ и гъусахэм я щхьэ къриКІуари ямыгъэззэжмэ, езыхэм къащищІынури.

Аршхьэкіэ джаурхэм икІуэтыжьын ядакъым: «Дзэ псор а зым дытемыкІуэну ара?!» - жаІэри, къуажэм теуэну ежьащ. Хьэжыкъуэ бгъуэнщІагъым къыщІэкІыурэ дзэр зырызыхэзу зэтриукІащ.

Мис апхуэдэу хахуэу щытащ Лыхь лъэпкъыр къызэтехъуКІыжа Хьэжыкъуэ. Мы хъыбарым егъэлеиныгъэ гуэрхэр хэлъынкІэ хъунущ, ауэ иджыри къыздэсым Лыхь лъэпкъым адыгэлІ нэсым хужаІэр: «Нэгъэсауэ Хьэжыкъуэщ».

Хьэжыкъуэ 1820 гъэм дунейм ехьжащ. Черкесск кІуэ гъэзэгур щащІым, абы и мывэ сыныр якъутащ. Абы и къутахуэхэр зыкъомрэ щахъумащ Локъуажэ (Красный Восток) щыпсэуа Лыхь Урысбий и лъапсэм.

Зытхыжар
ЛЫХЬ Людмилэщ.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **3**. НэгъуэщІхэр зыдэплъей, ... зытрах щІалэщ ди гъунэгъур. **6**. Къэп цІыкІу. **8**. Іэщэкіэ зэщІэуэзда дзэм къупыкъу щІызыщІэ щІалэщІэ. **9**. ЗыщІышынэн имылъагъуэ, кхъуэр абы докІуей. **11**. Пхъэ къутахуэ, пхъэупсахуэ. **13**. Джэрзэзыжу, мылым къыщагъафэ. **15**. ... гъущэрылъфэ фызыгъэпІъа лІырэ. **16**. ЩІымахуэм щыгъын ягъэтІылъыжам хищІа хьэпІаІэ къэзылъэтыхь. **19**. ПщІыхьэпІэр зыІуэтэжам «... ухуу» жраІэ. **22**. ЩІалэр «... УэрэдзжьІакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистка ... Ириня. **43**. ЦІыху зэтетым, хабзэ зыхэлъым хуэгъэзауэ я псалъэр къагъэсэбэп. **46**. Махъсымэ къызыхащІыкІ зэхэгъэва. **47**. Спорт зэхьэзэхуэм 2-нэ уВыпІэр къыщІызыхьым абы кхьихэщІыкІа медаль ират. **48**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ псэухьэм.

Къехьу: **1**. Абы пэгунитІ фІадзэурэ псыхьэ ироКІу. **2**. Фадэ гуащІэ. **3**. Пэшым къыщІэІукІащ сымаджэ хьэлъэм и ... макъ. **4**. Район, къалэ, псыежэх. **5**. Псы, гъэш хуэдэхэр зракІэ кумбыгъэ. **7**. ЦІыхубзитІ зэфІэнам язым адрейм иредз: «Уи ... къысщыхуэ!». **10**. ... псэумэ, пыІэ щыщІэркъым. **12**. ЧнутІым нэгъуэщІу зэредж. **14**. Щыгъын фІэдзащІэу къудамэ куэд зытет пкъо. **15**. ЩхьэгъубжащхьэР ... защІэ хъуащ. **17**. Цы закъуэ. **18**. Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс куэдкІэ щылэжьа, щыпсэуа, мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 60 ирикъу усакІэ, журналист, КъШР-м къыщыдэкІ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ ... Увжькъуэ. **20**. Щыгъын Іэхъум пыщІа Іэщ1агъэлІ. **21**. Къэбэрдей усакІуэ, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта. **25**. Удз, купсэ кІыхьрэ кунэщІу. ЦІыхум яшх. **26**. Мэш хьэуазэ. 30. Зи кІапэ лъэныкъуэм фІэгъэнапІэ иІэ бжэгъу кІыхь. **31**. ХьэкІэкхъуэкІэ. **35**. Іэщым хуэзэщІэ Іус. **36**. И ... Тхъэм къибгъэжащ (фІы зэхъулІам хужаІэ). **39**. Гъэгъа хужь Іэрамэ дахэхэр къызыпыкІэ жыг. **40**. ... къызэрыхъуу, сабийхэр уэрамым къыдэужьгъащ. **41**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **42**. Къуийцыкіу бзаджагъэкІэ кІигъэпцІа домбеижь. **44**. Шы зимыІэм ... къещэху. **45**. ГъуКІэм и Іэмэпсымэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Дэлъху. **3**. ІуэнцІ. **5**. Ажэгъуэмэ. **7**. Даур. **8**. Псэху. **9**. Кугъуэ. **14**. Арыкъ. **15**. ЩІыхуэ. **17**. Кьыкъ. **18**. Бжьыдзэ. **19**. Нэд. **21**. Быж. **23**. ЩІыхуэ. **25**. ЛІыжь. **26**. Сахуэ. **27**. Къурыкъу. **32**. Гущэ. **34**. ИкІуа. **35**. Лэпс. **36**. КІэпІейкІэ. **37**. МацІэ. ***38***. Нэхущ.

Къехьу: **1**. Дадий. **2**. Хуарэ. **3**. Къуэпс. **4**. ЩІахуцІэ. **6**. Гъуагъуэ. **10**. Балъкъ. **11**. ЩІыІуб. **12**. Абгъуэ. **13**. Ахьн. **16**. Пыпхэ. **17**. Къэб. **20**. Дыжь. **22**. Жасы. **23**. ЩІыхуэ. **24**. Уэркъ. **25**. ЛІакъуэ. **28**. Шхийм. **29**. Пщае. **30**. ЩІасэщ. **31**. КхъуакІэ. **33**. Елэн.

ЩІалэ бзаджэ

Хъыбар

ЗЫ ЩІАЛЭ бзаджэ ежьащ: «Гъуэгум зыгъэ сыщрихьэлІэмэ, схъунщІэнщ», - жери. Мэз лъапэм нэсри, чыцэм хэтІысхьащ. Чыцэм здыхэсым, выгу къилъэгуащ. Гублащхьэм зы лІыжь дэсщи, мэщхьэуку1уэ. ЛІыжь цІыкІум витІыр фІихуэн мурад ящІащ щІалэ бзаджэм. Лъахъстэн вакъитІ лъыгъти, гъуэгум трилъхьащ, лъэбакъуищэ хуэдэкІэ зэпэщІихри. Езыр чыцэм хэтІысхьэжащ. ЛІыжьым и щхьэр кхъыщІэтым, гъуэгум телъ лъахъстэн вакъэр ильэгъуащ.

- Вакъэ лъэныкъуэр сыту сщІын? - жери лІыжь цІыкІур вакъэм блэкІащ, лъэбакъуищэ нэхъ имыкІуаеу вакъэ лъэныкъуэм ирихьэлІащ.

Выгур къигъэувыІэри, лІыжь цІыкІур гублащхьэм къыдэкІащ.

- НетІэреймрэ мыбыз зэгуэгъущ, згъэззжынщи, вакъэ лъэныкъуэр къэсщтэнщ, - жери вакъэ лъэныкъуэм тригъэзащ лІыжь цІыкІум, выгур гуэргум къытринэри. ЩІалэ бзаджэр зэщІэ арати, витІыр щІигъэхури, мэзым хихуащ.

ЛІыжьым къигъэзэжащ. ВитІыр игъуэтыжакъым. ЩІимыгъэтыжьым, лъахъстэн вакъитІыр ихьри и унэ кІуэжащ:

- Вы къэсхунщи, гур сшэжынщ, - жери.

Ежьэжауэ, шу гуп кърихьэлІащ лІыжь цІыкІум.

- Фысакъ, - яжриІащ шу гупым. - Гъуэгум дыгъу щысоуэ: си витІыр сІэщІагъэкІащ.

ЛІыжь цІыкІум къыщІыдыхьэшхри, шу гупыр блэкІащ, псы Іуфэм нэсри епсыхащ, жэщ къатехъуати. Мэл яуКІри, лэгъупыІэмпІэ зэфІадзащ. Шыр хъуным хаутІыпщхьащ, зы плъыр бгъэдагъэувэри.

- Сакъ! - жари плъыпм и тхьэкІумэр хуаІуэнтІащ. - Шыребгъэхумэ, лІыжь цІыкІум дыщІэбгъэхьэжащ.

ЛІыжь цІыкІум и витІыр зыхуа щІалэ бзаджэр мэзым къыхэтІысхьауэ зы гупым къепІъакІуэрти, щІакІуэ зытриубгъуэри, шыр хэзыгъэпщ плъыпым къыбгъэдыхьащ.

- ЛІыр ващ, - жриІащ плъыпм, - уэ уедзэкъэху, сэ шыр хэзгъэпщынщ.

ПлъыпкІэ гупым яхьыьжащ. ЩІалэ бзаджэм шыр къыззэщІикъуэри, мэзым хихуащ.

Гупым щахьыхьэм, плъыпым къеупщІащ:

- ЛІым щхьэ укъыбгъэдэкІа? - жари.

- ЩІалэ нэвгъэкІуати, шым къыпэрызнэри сыкъыбгъэдэкІащ, - жиІащ модрейм.

- НдзгъэкІуакъым! Шыр бгъэкІуэдащ! - жари зэрекхьжьащ. Гупыр шым лъыхъуэху, шыр быдапІэ щигъэзагъэри, щІалэ бзаджэм къытригъэзащ, лІыр вати, лэгъупым кхьхихри, пэпсым зы щІакІуэжь хидзащ, лІыр фэм кІуэщІишьхри, мэзым хьхьэжащ.

Нэху щыху шым лъыхъуэри, гупым къагъэзэжащ: шыри яГуэтыжакъым, лІыми хэкІыжауэ къыщІэкІащ.

- Зив яхуа лІыжь цІыкІум дыщІэнэкІащ, - жаІащ гупым. - Нэхъеиж къызыщыщІар дэращ, - жари ежьэжащ, щхьэж и уанэ и плІэм ирилъхьри.

ЛІыжь цІыкІум и витІымрэ шу гупым я шымрэ кхихури, щІалэ бзаджэр нэхущым я пщІантІэ дыхьэжащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщІ-редактор), **Кьанмокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Кьумахуэ Асльэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуцапіэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгъэр хъумэныкъэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыгъэхэм я пжьагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкъэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.777 ● Заказ №1582